No. of Printed Pages : 6 **BMAF-001**

# बी. डी. पी./बी. सी. ए./बी. टी. एस.

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2020

## बी. एम. ए. एफ.-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

---

**नोट :** सभ प्रश्नक उत्तर तिरहुता अथवा मिथिलाक्षरमे लिखू।

---

1. निम्नलिखित शब्दक देशज रूप लिखू:– 5

(क) सर्प

(ख) नृत्य

(ग) प्रस्तर

(घ) पुस्तक

(ङ) पुष्करिणी

2. एहि शब्द समक पर्यायवाची शब्द लिखू:– 5

(क) भानु

(ख) सरसिज

(ग) साम्राज्ञी

(घ) वंश

(ङ) नरेश

3. निम्नलिखित शब्दक वाक्य निर्माण करू:– 5

(क) खीरा

(ख) ओलती

(ग) चिनवार

(घ) घैलची

(ङ) दारिम

4. निम्नलिखित शब्दक अर्थ स्पष्ट करू:– 5

(क) रंग में भंग

(ख) चारित्र चलब

(ग) हँ मे हँ मिलामब

(घ) अपना पैर पर ठाढ़ होयब

(ङ) हँसी होयब

5. निम्नलिखित पावनि–तिहार कहिया मनाओल जाइछ ? 5

(क) तिलासंक्रान्ति

(ख) फगुआ

(ग) सिरुआ

(घ) बरसाति

(ङ) दसमी

6. निम्नलिखित अवतरण मे सँ कोनो एक खण्डक 150 शब्द मे व्याख्या करू:– 7

(क) उपदेशक तों सबसँ महान।

चिन्ता नहि, कतबो उन्नत थल, खसि कते बेरि चढ़ि बनह सफल।

सब तरि हम देखलहुँ तोहर सन, उद्येश्यक पक्का क्योने आन॥

संगर मे हारि एकैस बेर, तैमूर लंग बुझि कर्म फेर।

मरबाक हेतु उद्यत तोरे शिक्षासँ विजयी छथि प्रमाण॥

क्यो करथि जाहि दिशिसँ फराक, तेम्हरहि चलबा केर करहेताक।

सिखबह जनु केहनो विघ्न-जलधि साहस-जहाजसँ करू प्रयाण॥

अवसान समय बुझि बना पाँखि, उड़ि चलह, न ककरउ लगा आँखि।

सिखलहुँ हम तोहर रीति-नीति, शक्तिक हासेँ नहि बनु मलान॥

कनिको दवितहिँ तों काटि-काटि, शिक्षा दै छह जनु डाँटि-डाँटि।

केहनो पहाड़ यदि देथि दुःख, नहि सही, रही वाजाय प्राण ॥

अनुपल तोँ चंचल करह भ्रमण, संग्रह करैत किछु अपन अशन।

दीक्षा जनु दै छह बनि निरलस, उद्योग करहबनि सावधान॥

**अथवा**

(ख) लक्ष्मीसौं हरि कुहल बुझाय। बड़ दुःख सहलनि सुर-समुदाय॥
हम तनिकाँ देलहुँ वरदान। अचिरहि हरब रिपुक हम प्रान॥

अवधपुरी जयबाक विचार। लेब ततहि हम न अवतार॥

होयत प्रिये हमरहि का जाय। अहँ बिनु नहि कय सकब उपाय॥

चलु-चलु भूतल प्राणपियारि। दुहु मिलि लेब असुर-संहारि॥

सुनि लक्ष्मी कहलनि बड़ वेश। उचित विचार कयल प्राणेश॥

लेल अयोध्या हरि अवतार। चारि अंशयुत दाम उदार॥

लक्ष्मी अयरिमह मिथिला भूमि। ऋद्धि-सिद्धि लयिलिह जूमि॥

7. 'पीयर आँकुर' शीर्षक वला कथाक विषय-वस्तुसँ परिचय कराउ। 7

8. निम्नलिखित मे सँ कोनो *एक* व्यक्तित्व पर *300* शब्द मे साहित्यिक परिचय कराउः— 7

(क) विद्यापति

(ख) वैद्यनाथ मिश्र यात्री

(ग) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

9. निम्नलिखित मे सँ कोनो **एक** विषय पर *150* शब्द मे अपन विचार लिखू:– 4

(क) गणतंत्र दिवस

(ख) निबन्धक स्वरूप ओ प्रकार

(ग) समाचारक स्रोत

570